# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

बुराई पर अच्छाई, असत्य पर सत्य अउर अन्याय पर न्याय के विजय क तिउहार विजयादसमी आजु प्रदेस भर में हंसी खुसी के माहौल में परंपरागत ढंग से धूमधाम से मनावल जा रहल हौ। प्रदेस क कई हिस्सन में खास तौर से ग्रामीण इलाकन में आजु दसहरा मेला क आयोजन कइल गइल हौ। येह मेला में बुराई, अन्याय अउर अनाचार क प्रतीक रावण, कुम्भकर्ण अउर मेघनाद क पुतला जरावल जा रहल हौ। कई जगहिन पर आयोजित रामलीलो में आजु रावण वध के प्रसंग क मंचन हो रहल हौ। गोरखपुर क गोरखनाथ मंदिर में आजु परंपरागत विजय शोभा यात्रा निकारल गइल। एकर अगुवाई गोरक्षपीठाधीश्वर अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कइलें। येह मौका पर गोरखनाथ मंदिर में कई गो आनुष्ठानिक आयोजन भइल। राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के विजय दसमी क सुभकामनाए दिहले हवें।

**********

देस आजु राष्ट्रपिता महात्मा गांधी अउर देस क दूसरा प्रधानमंत्री लाल बहादुर शास्त्री क जयंती मना रहल हौ। येह मौका पर प्रदेस के सज्जों जिलन में दुन्नो महापुरूसन के व्यक्तित्व अउर कृतित्व के याद करत उन्हें भावभीनी सरधांजलि दिहल जा रहलि हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में महात्मा गांधी अउर लाल बहादुर शास्त्री के फोटो पर फूल चढ़ा के सरधांजली दिहले। येह मौका पर श्री योगी देस बदे ओनके कब्बो न भुलाये वाला योगदान के याद करत कहले कि केन्द्र अउर प्रदेस क सरकार बापू अउर शास्त्री क सपना के साकार कै रहली हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से घोषित जीएसटी भारत उत्सव पछिला महिन्ना क बाइस तारीख से सुरू भइल अउर एहसे समाज क हर वर्ग के लाभ हो रहल हौ। अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधारन से भारत क अप्रत्यक्ष कर–प्रणाली के सरल बनावे क दिसा में नया अध्याय सुरू भइल हौ। कृषि मशीनरी अउर खादि पर जीएसटी सुधार के प्रभाव पर प्रस्तुत ह एगो रिपोर्ट–

**अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधारन में सरकार किसानन पर वित्तीय बोझ कम करे, ग्रामीण विकास के बढ़ावा देवे अउर जरूरी कृषि उपकरणन के अउरियों बेसी किफायती बनावे बदे जीएसटी में कटौती कइले हौ। स्प्रिंकलर, ड्रिप सिंचाई प्रणाली, कटाई मशीनरी अउर छोट डीजल इंजन जइसन कृषि उपकरणन पर जीएसटी के पहिले क बारह फीसदी कर स्लैब से घटा के पांच फीसदी कै दिहल गइल हौ। येही तरियन कीट नासक अउर कई गो सूक्ष्म पोसक तत्वन पर जीएसटी पांच फीसदी कै दिहल गइल हौ। एकरे सथहीं अमोनिया, सल्फ्यूरिक एसिड अउर नाइट्रिक एसिड जइसन खादिन पर जीएसटी अट्ठारह फीसदी के घटा के पांच फीसदी कै दिहल गइल हौ। सस्ता खादि अउर कृषि मसीन उत्पादकता के बढ़ावा दीहें। जवना से भारतीय कृषि मजबूत अउर आत्मनिर्भर बनी। आकाशवाणी नई दिल्ली से सौम्या शरण के साथे समाचार कक्ष से अरूण चन्द।**

**********

सेवा अउर सुसासन क मंत्र से प्रेरित सरकार प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी क अगुवाई में परिवर्तन अउर प्रगति लावे क बहुते कोसिस कै रहलि हौ। आजु येह विसेस श्रृंखला–;'सेवा पर्व' में हम आपके बताइब कि कइसे मोदी सरकार नक्सल मुक्त भारत क राहि प्रसस्त कइले हवें।

**पिछले 11 वर्षों में नरेंद्र मोदी सरकार ने वामपंथी उग्रवाद को कतई बर्दाशत न करने की नीति अपनाई है। सरकारी योजनाओं के शत–प्रतिशत क्रियान्वयन के साथ, सरकार वामपंथी उग्रवाद प्रभावित क्षेत्रों का पूर्ण विकास करना चाहती है। मोदी सरकार ने वामपंथी उग्रवाद से निपटने के लिए दो प्रमुख नियम बनाए हैं। पहला, नक्सल प्रभावित इलाकों में हिंसा को समाप्त करने के लिए कानून–व्यवस्था लागू करना। और दूसरा, वर्षों से जारी नक्सलवादी गतिविधियों के कारण विकास की दौड में पिछड गये क्षेत्रों में तेजी से विकास करना। नक्सल प्रभावित इलाकों में विकास के लिए, बजट आवंटन में 300 प्रतिशत की वृद्धि की गई है। मोदी सरकार के प्रयासों से 2004 से 2014 की अवधि की तुलना में नक्सली हिंसा की घटनाओं में 53 प्रतिशत की कमी आई है। सुरक्षा बलों के हताहत होने की संख्या में भी 73 प्रतिशत की कमी आई है। भारत सरकार ने अगले वर्ष 31 मार्च तक नक्सलवाद को पूरी तरह से समाप्त करने का लक्ष्य रखा है। अनुपम मिश्रा की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से जागृति शर्मा।**

**********

सुप्रसिद्ध शास्त्रीय गायक पद्म विभूषण पंडित छन्नूलाल मिश्र क आजु सबेरे मीरजापुर में सरगबास हो गइल। इक्यानबे बरिस क श्री मिश्र पछिला कुछु दिन से गंभीर रूप से बेमार चलत रहलें। उनकर अंतिम संस्कार बनारस में कइल जाई। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी शास्त्रीय गायक पंडित छन्नूलाल मिश्र क सरगबास पर दुखः जतवले हवे।

**********

प्रदेस क सज्जों पूरबी जिलन में काल्हि ढेर राति से आजु सबेरे ले गरज चमक के साथे भइल बरखा से तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हौ। एकरे चलते मौसम सुहाना हो गइल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से बरखा क वायुमंडलीय परिस्थितियो बनलि हौ। अगिला चउबीस घंटा में कुछु जगहिन पर हल्लुक से मध्यम बरखा भइले क आगम हौ।

**********